

Règleman prezans

Paran yo oblije siye Règleman prezans PMF la nan kòmansman ane an. Pwogram PPF la jwenn finansman selon prezans elèv yo. Eta Florid la mande pou paran yo siyen Child Attendance and Parental Choice Certificate (Short Form) [Sètifika prezans timoun nan ak chwa paran an (fòmilè abreje)] nan fen chak mwa.

Absans

Prezans regilye se yon bagay esansyèl pou timoun yo ka gen reyisi aprann pandan tout vi yo.

Tanpri fè tout efò pou avèzti pwofesè pitit ou lè pitit ou pral absan nan klas la. Chak fwa pitit ou a absan akòz maladi, ou dwe bay yon dokiman ekri kòm prèv. Fòk gen yon nòt doktè si maladi a lakòz yon absans depase senk jou lekòl.

Elèv ki gen twòp absans ki pa jistifye (plis pase senk) kapab oblije ale nan yon reyinyon sou prezans ak pèsònèl lekòl la. Apre yon reyinyon sou prezans, si kontinye gen twòp absans, avèk oswa san avètisman, sa ka fè ke yo ranvwaye pitit ou nan pwogram lan.

Twòp reta

Li enpòtan tou ke pitit ou rive alè lekòl la. Yo kapab ranvwaye yon elèv ki rive an reta plis pase senk fwa.

Reta nan vin chèche

Pwiske pa gen okenn anplwaye ki disponib pou veye pitit ou apre pwogram nan, kout ke kout fòk yon moun vin chèche li nan lè. Si yo vin chèche yon elèv anreta plis pase senk fwa yo kapab ranvwaye li nan pwogram nan.





Antant sou prezans Pre-matènèl fakiltatif

Chè paran/gadyen legal,

Pou prepare pitit ou pou li reyisi nan PMF, li absoliman enpòtan ke li ale lekòl chak jou, alè, epi rete pandan tout jounen an. Règleman prezans PPF LPDO yo ekri pi ba a.

Mete inisyal ou sou chak liy si ou li, dakò, epi konprann règleman an.

- Ou oblije ranpli yon Fòmilè jistifikasyon absans LPDO chak fwa pitit ou a absan akòz maladi. _____
- Ou oblije voye yon nòt doktè pou absans akòz yon maladi ki dire plis pase senk (5) jou lekòl youn apre lòt. _____
- Absans ki pa jistifye (plis pase senk) ka mande yon reyinyon sou prezans ak pèsònèl lekòl la. _____
- Si sitiyasyon absans depase a kontinye sa ka mennen ke pitit ou ranvwaye. _____
- Si yo vin chèche pitit ou anreta plis pase (5) fwa, sa ka mennen ke pitit ou ranvwaye. _____
- Si yo vin chèche pitit ou anvan nan fen jounen lekòl pi plis pase senk (5) fwa sa ka mennen ke pitit ou ranvwaye. _____
- *Reta san rete ka mennen ke pitit ou ranvwaye.* _____

Mwen li epi mwen dakò ak kondisyon ki nan Règleman prezans PMF LPDO la.

Non timoun nan : _____

Non paran an nan lèt kare : _____

Siyati paran an : _____

Dat _____

Lekòl _____

Non pwofesè a : _____